

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa di alam dunya raket patalina jeung lingkungan alam sabudeureunana. Ieu hal ku lantaran manusa teu bisa hirup sosorangan, atawa kasebutna mahluk sosial. Dina ngawangun kahirupan manusa jeung lingkunganana, manusa satékah polah mikir kumaha carana sangkan bisa hirup saimbang jeung alam, sarta euweuh nu dirugikeun salah sahijina. Ieu hal istilahna disebut *simbiosis mutualisme* atawa *saling menguntungkan*. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Sudaryat (2015, kc. 35), yén kahirupan manusa jeung alamna, lain ngan saukur nyumponan pangabutuh manusa, tapi ogé pikeun ngajaga tur ngariksa jeung ngolah éta lingkungan alam, nu nuduhkeun yén manusa mangrupa bagian tina lingkungan. Manusa bisa hirup lantaran ngamangpaatkeun lingkungan alam nu aya di sabudeureun manéhna, kitu ogé alam bisa méré kahirupan ka manusa lantaran geus dijaga kahirupanana ku manusa.

Salian ti hubungan manusa jeung alamna, manusa ogé raket patalina jeung papada manusa séjénna. Raketna hubungan antar papada manusa ieu lantaran manusa teu bisa minuhan sagala pangabutuhna ku sorangan. Ku kituna, manusa butuh ku manusa séjénna pikeun nyumponan pangabutuh kahirupanna. Dina ngalakukeun interaksina, manusa ngamangpaatkeun medium basa sangkan bisa dipikaharti ku manusa séjénna. Medium basa éta mimitina ngan saukur sumebar ngaliwatan média lisan. Ku sabab manusa dibéré akal jeung pikiran, tina basa lisan éta mekar jadi basa tinulis.

Urang Sunda dina perkara urusan tulis-tinulis, geus teu bireuk deui. Ieu hal bisa dibuktikeun dina sababaraha bukti tinulis. Aya tulisan nu ditulis dina batu jeung logam, biasana disebut prasasti. Salian ti prasasti, aya ogé tulisan nu ditulisna dina rupa-rupa média séjénna kayaning kai, daun, atawa kertas. Tulisan dina média nu kitu umumna dingaranan naskah. Bukti tinulis nu mangrupa prasasti atawa naskah éta eusina dina umumna ngawengku urusan agama, basa, hukum jeung aturan, kamasarakatan, mitologi, atikan, élmu pangaweruh, paririmbón, sastra, sajarah, jeung kasenian (Ruhaliyah, 2018a, kc. 10).

Ripal Maulana, 2021

NASKAH PARIRIMBON TATANÉN: ULIKAN FILOLOGI JEUNG ANALISIS STRUKTUR

Éta tulisan-tulisan nu aya dina naskah lain satulisan-tulisanna, tapi mangrupa hasil mikir manusa jaman baheula. Hasil mikir éta diéksprésikeun kana wangun tinulis. Tulisan-tulisan dina éta naskah bisa méré informasi ka nu maca ngeunaan rupa-rupa informasi anu aya hubunganana jeung kabudayaan masarakat di sabudeureun éta naskah. Alatan kawatesanan alat jeung bahan pikeun ngaéksprésikeun karya sastra jaman baheula, éta tulisan-tulisan karya sastra ahirna dijieun dina média nu saaya-ayana. Jadi, asup akal saupamana éta naskah di jaman kiwari eusina geus teu kaharti lantaran kaayaanana anu geus teu bisa dibaca atawa geus teu kabaca deui.

Dina naskah Sunda, aya sababaraha huruf anu kungsi dipaké ku masarakat Sunda, nyaéta Palawa, Sunda Kuno, Budha/Gunung, Jawa Sunda (Cacarakan), Arab Pégon, jeung Latén (Ruhaliah, 2018b, kc.9). Naskah Sunda nu ditulis maké aksara Sunda buhun aya 95, Cacarakan 438, Arab Pégon 1.060, jeung nu ditulis dina dua aksara 114 (Ayatrohaedi dina Ruhaliah, 2018b. kc. 9). Aksara Arab Pegon mangrupa naskah anu panglobana aya di tatar Sunda. Hal ieu lantaran Sunda raket pisan patalina jeung Islam. Asupna Islam ka tatar Sunda sacara teu langsung milu mangaruhan kana sistem tata tulis, katut basa jeung aksara alam harita. Disebut Arab Pégon sabab aya aksara-aksara anu dimodifikasi ku urang Sunda anu euweuh dina huruf Arab, saperti konsonan c, p, g, ng, jeung ny.

Dipakéna aksara Arab Pégon dina mangsa harita lain teu miboga alesan. Jaman baheula ngan saukur kaum ménak nu bisa diajar kana rupa-rupa élmu pangaweruh, kaasup aksara, saperti aksara Latén jeung Cacarakan. Masarakat biasa teu miboga kasempetan pikeun diajar nulis jeung maca ku pamaréntah kolonial. Sanajan kitu, masarakat biasa dimeunangkeun diajar ngeunaan agama Islam. Ku lantaran kitu, loba nu diajar maca jeung nulis dina wangun aksara Arab. Dina aksara Arab, aya sababaraha aksara anu euweuh saruaanna dina basa Sunda. Lantaran kitu, aya sababaraha aksara Arab aya nu dimodifikasi, anu satuluyna ngajanggélék jadi aksara Arab Pégon. Ku ayana sistem penulisan Arab Pégon jaman harita, jadinya urang Sunda bisa nulis rupa-rupa élmu pangaweruh jeung pangartina dina wangun aksara Arab Pégon. Rupa-rupa tulisanna saperti kitab ngeunaan kaagamaan, basa, sastra, dongéng, paririmbón, wawacan, jsb.

Di jaman kiwari, éta aksara Arab Pégon geus teu umum deui dipaké ku masarakat. Ku sabab teu umum téa, loba naskah-naskah anu can kapaluruh eusina. Naskah-naskah nu aya di masarakat jaman kiwari tara dibaca, tapi ngan saukur barang pusaka ti karuhunna anu kudu dipusti-pusti sacara turun-tumurun, saluyu jeung tradisi nurunkeun naskah. Ku kituna, ieu panalungtikan penting pisan dilakukeun pikeun mikanyaho kana naon eusi nu aya dina éta naskah Sunda kuna. Salian ti pikeun mikanyaho eusi naskah Sunda kuna, ogé pikeun ngajaga tur ngariksa kana éta naskah sangkan kaayaanana teu leungit atawa ancur ku waktu. Salah sahiji conto naskah anu kungsi kapanggih dina kaayaan anu geus ampir ancur nyaéta naskah “Paririmbón Tatanén”.

Naskah “Paririmbón Tatanén” mangrupa naskah Sunda anu kapaluruh di wewengkon Tanjungbeureum, Désa Linggarjati, Kec. Pamulihan, Kab. Garut. Naskah anu kapanggih eusina mangrupa paririmbón tina perkara tatanén hususna melak paré, anu kudu dilaksanakeun salila sawindu (dalapan taun). Salian ti paririmbón, aya ogé mantra-mantra séjénna saperti punika paranti ngukus, paranti mipit, dongéng asal-usul Déwi Sri, jsb. Ieu naskah ditulis dina kertas Éropah (kasebutna *latterdam*, lantaran aya ciri nu mangrupa *countermark*), maké aksara Arab Pégon, sarta basa nu dipakéna nyaéta basa Sunda nu dicampur basa Jawa.

Dina naskah Sunda kuna, réa karya sastra anu eusina medar ngeunaan mantra, salah sahijina naskah “Paririmbón Tatanén”. Lobana karya sastra anu medar ngeunaan mantra alatan masarakat Sunda dina umumna jaman baheula raket pisan patalina jeung alam tur kakuatan-kakuatan magis nu marengan éta alam jaman harita. Sacara umum, mantra sumebarna tatalépa sacara lisan. Ku sabab masarakat Sunda geus wanoh kana sistem penulisan aksara, mantra-mantra éta satuluyna ditulis dina média nu saaya-aya, anu kiwari ngajanggélék jadi naskah mantra dina wangun tulisan.

Naskah mantra kaasup kana genre puisi. Anapon ciri-ciri tina éta mantra sacara umum nya éta: 1) ayana sesebutan pikeun *kuasa imajinér* atawa mahluk gaib dina téks mantra, 2) dina téks mantra, aya kalimah atawa frasa nu nuduhkeun yén si anu mapatkeun mantra posisina leuwih punjul, anu sabalikna nuduhkeun si lawanna aya dina posisi anu sahandapeun si anu mapatkeun mantra, 3) aya patalina jeung konvénsi puisi nu satuluyna mangrupa kamekaran tina sastra Sunda

kuna, nyaéta ayana répétisi anu nuduhkeun paréntah atawa dorongan, di sagédénggeun ajakan, tegesna nu sipatna imperatif jeung persuasif, 4) masih aya hubunganna jeung puisi, nyaéta ayana rima-rima dina mantra, jeung 5) ayana kode lintas basa nu dipaké dina éta téks mantra, contona baé basa nu digunakeunna nyaéta basa Sunda campur Jawa, Sunda campur Malayu, Sunda campur Arab, jsb (Koswara, 2013, kc. 37-38). Teu jauh béda jeung pamadegan Kosawara, Isnendes (2010a, kc. 101) ogé nétélakeun yén ciri-ciri puisi mantra di antarana nyaéta kekecapanana anu arhaik, heubeul, teu umum jeung basa kiwari, kekecapanana anu meunang milihan, ayana répétisi kecap pikeun ngantebkeun kana tujuan jeung ma'na anu rék dihontal, sarta saupama macana dibedakeun bakal aya kakuatan di luar akal manusa anu marengan kana éta mantra.

Ayana kakuatan alam di luar kakuatan manusa éta teu bisa leupas tina unsur téks jeung kontéks anu marengan dina mantra. Unsur téks jeung kontéks éta sacara teu langsung milu mangaruhan kana kakuatan mantra. Téks mantra nyaéta wangun basa tinulis atawa naskah tinulis mantra. Sedengkeun kontéks mantra nyaéta hal-hal di saluareun téks mantra anu milu mangaruhan kana eusi mantra (Isnendes, 2010a, kc. 101).

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna anu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan, di antarana aya *Paririmbón Sunda* ku Emon Suryaatmana, spk (1992) nu medar ngeunaan naskah paririmbón nu kapanggih di Pamanukan, Subang. Ieu panalungtikan medar perkara paririmbón ngeunaan kalénder (penanggalan), itungan nasib, barang nu leungit, jsb. Bédana panalungtikan ieu jeung anu saméméhna nyaéta dina objékna anu ngaguar perkara tatanén jeung rupa-rupa mantra anu ngeuyeubanana. Panalungtikan kadua nyaéta skripsi “Puisi Mantra di Kecamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi: Deskripsi Teks dan Konteks” ku Retty Isnendes, (1998) nu medar ngeunaan mantra nu aya di sababaraha désa di Kecamatan Nagrak Kab. Sukabumi. Eusi ieu panalungtikan medar ngeunaan mantra-mantra nu bisa kakumpulkeun ti sababaraha narasumber di Kec. Nagrak. Saenggeus éta mantra kakumpulkeun, satuluyna dipedar ngeunaan déskripsi téks jeung kontéks tina éta mantra. Bédana ieu panalungtikan nyaéta aya dina objékna, nu hiji medar ngeunaan paririmbón jeung mantra dina tatanén, sedengkeun nu hijina deui medar ngeunaan mantra sacara lisan, lain tina wangun tulisan.

Panalungtikan séjénna aya “Palintangan Sunda: Ulikan Semiotik jeung Filologis” ku Eli Awaludin Jamil (2012). Panalungtikan nu mangrupa tésis ieu nyaéta medar ngeunaan deskripsi tina Naskah Palintangan (NP) jeung Kolénjér, fungsi tina NP jeung Kolénjér pikeun masarakat sabudeureun éta naskah, babandingan eusi NP jeung Kolénjér, jeung interprétasi kana dua naskah éta. Bédana jeung ieu panalungtikan nyaéta dina obyék naskah anu bakal ditalungtikna, sanajan sarua nalungtik ngeunaan paririmbón. Panalungtikan kaopat nyaéta aya *Tentang Wawacan Sulanjana Majalengka* ku Said Raksakusumah (1974). Panalungtikan ieu ngadéskripsikeun ngeunaan wawacan Sulanjana anu aya di Majalengka, transkripsi, sarta tarjamahanana. Anu kalima aya *Mantra Sunda dalam Tradisi Naskah Lama: Antara Konvensi dan Inovasi* ku Elis Suryani NS (2012). Ieu panalungtikan medar perkara ayana 16 naskah mantra anu disalin sacara tuluy-tumuluy dina kurun waktu anu béda, sarta nangtukeun diantara naskah nu aya, naskah mana anu dianggap leuwih punjul jeung répréséntatif.

Dumasar sababaraha katerangan di luhur, munasabah saupamana ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun. Kacindekanana, panalungtikan nu baris dilaksanakeun dijudulan “Naskah *Paririmbón Tatanén*: Ulikan Filologi jeung Analisis Struktur”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah anu nyampak, di antarana:

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Paririmbón Tatanén*?
- 2) Kumaha transliterasi jeung édisi téks naskah *Paririmbón Tatanén*?
- 3) Kumaha struktur eusi naskah *Paririmbón Tatanén*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu rék dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang di luhur sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngadéskripsikeun naskah “*Paririmbón*

Tatanén”, mikanyaho eusi transliterasi katut édisi téks dina naskah “Paririmbón Tatanén”, jeung maluruh ngeunaan struktur eusi naskah “Paririmbón Tatanén”.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal:

- 1) ngadéskripsikeun naskah Paririmbón Tatanén;
- 2) ngadéskripsikeun transliterasi jeung édisi téks naskah “Paririmbón Tatanén”;
- 3) ngadéskripsikeun struktur eusi naskah Paririmbón Tatanén.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat tina sababaraha aspék, saperti: 1) mangpaat tina segi téoritis, 2) mangpaat tina segi praktis, 3) mangpaat tina segi kawijakan, jeung 4) mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- 1) pikeun ngadéskripsikeun naskah “Paririmbón Tatanén”.
- 2) Pikeun mikanyaho transliterasi katut édisi téks naskah, jeung struktur eusi naskah “Paririmbón Tatanén”.
- 3) Pikeun panalungtikan filologi satuluyna.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik bisa ngajembaran paélmu panalungtik dina kabeungharan basa, aksara, jeung sastra Sunda;
- 2) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina KD ngeunaan transliterasi, mantra, jeung puisi.

1.4.3 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan pikeun masarakat dipiharep bisa jadi bahan élmu pangaweruh anu heubeul tapi kawilang anyar dina prak-prakan saupama rék tatanén hususna dina ngolah jeung ngurus paré. Sabab aya sababaraha aturan anu kudu dilaksanakeun saacan rék migawé ngolah paré sangkan hasilna bisa alus tur mulus rahayu. Salian ti éta, pikeun pamaréntah satempat sangkan bisa leuwih

ngajaga tur ngariksa kana éta naskah. Ulah nepi ka ancur ku waktu atawa leungit, sabab loba informasi anu kawilang penting dina urusan adat budaya satempat pikeun kamajuan élmu pangaweruh kahareupna.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu sarta Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh pikeun pamaca dina umumna ngeunaan tatacara saupama rék ngolah jeung ngurus paré. Salian ti éta, dipiharep ogé bisa méré informasi séjénna ngeunaan hal-hal nu aya patalina sabudeureun paré jeung béas.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, nya éta:

Bab 1 Bubuka, eusina medar ngeunaan Kasang Tukang Panalungtikan, Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, jeung Struktur Organisasi Skripsi.

Bab II Ulikan Téori, Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan téori-téori anu jadi dadasar panalungtikan. Dina ulikan téori medar ngeunaan filologi, naskah, transliterasi, sastra, prosa, paririmbon, puisi, mantra, jeung strukturalisme.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké, di antarana ngawengku: desain panalungtikan, téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung téori-téori anu diguar dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan saenggeusna.